

Hatoer sewoe noeho.

Kana kasaeana para djoeragan istri sareng mitra sadaja anoe parantos ditibankeun ka djsim koering dina waktosna poen anak Soekarna - Si Entjep maot dina dinten Salasa ping 22 November 1927 laboeh satengah dalapan endjing-endjing.

Kalawan namina sadajana ahli-ahli
Soet. Sen.

Innallilahi waina illaihi rodjioen.

Hatoer oening, poetrana Djoer. Soetisnasendjaja uce pangboerej-na oemoer 10 boelan, dina ping 22 November, dinten Salasa ta- boeh satengah dalapan parantos tilar doenja.

Teu aja sanes, noe disoehoen- keun ka sadajana, noe tilar doenja kenging Rachmat koeboer, noe kantoen ginandjar kawiloe- djengan, Amin, Ja Robal alamin.

Directie Redactie
Administratie.

oge ngagandjel-gandjel kana begroot- ing Indonesi teh, oelah ngan bro deui bro deui ti si leutik bae da ka- pan pangasilan ti Indonesia keur nagara Walanda teh aja ratoes ma- lioena.

Lamoen wangwangan koering tea henteu sulah, koe ingetan koering aja oge perlona lamoen perkara ieu diotjal-otjal keur kaom kentja noe aja di Volksraad, babakoena koe lid- lid bangsa priboei. Malah ari ka- hajang koering mah anoe ngamimiti- anana teh sarta ngadja ka "mitra- mitrana di Volksraad, wawakilna Pa- goejoban Pasoendan Djoeragan Otto Koesoema Soebrata.

Geus leuwih ti adil lamoen pangsi- oenan ambtenaar Indonesia noe aja di nagara Walanda major Ink. be- lastingna keur kas Indonesia, tjara oerang mana mendi anoe baroga ka- oentoengan ti Indonesia, sanadjan djalmana aja dimana bae oge.

B. S.

Oentoeng roegina pabrik teh oerang priboei, djoealeun di pasar Europa.

II
(Samboengan).

Ladang keringan di London atawa Amsterdam katampana gantjang-gan- tjangna 3 boelan ti sabada barang tea dipangkeun. Hadana bae pikeun pabrik-pabrik noe laeutik aja geusan pangloempatan. Entehna menta di- paugdjoelkeun koe firma John Peet. Koe ieu firma sanadjan entehna ta- tjan pajoe oge, teroes bae diperseko- tati.

Samemeh teroes nimbang-nimbang oentoeng roegina pabrik enteh oerang priboei, perloe kaeninga heula peta petana dina ngadjalaukeunana. Noeroetkeun noe kagoengan karangan tea, djalanna aja 3 roepa:

a. pabrik dibokana kalawan teu boga kebon sorangan. Poetjoekna beunang meulian. Modalna papatoengan sarta make toeloengan ti Gouvernment atawa henteu pisan make toeloengan.

b. Saperti a, ngan pabrik nampana poetjoek kalawan make perdjang- dian djeung noe baroga kebon. Demi perdjangdjanana noe mali- lirkeun poetjoek meunang bagian kaontoengan tina poetjoek noe geus ditampa koe pabrik tea.

c. pabrik dibokana koe noe pada baroga kebon, djadi make dasasar coöperatie.

Kadjabana ti kebon sorangan nam- pa poetjoek ti noe sedjen. Atoerana- na saperti a. atawa b.

Ajeuna oerang tetek sagala roepana, noe bisa noeroetkeun atawa naekkeun pokona tina saponde enteh kering:

- Reana poetjoek ti kebon - kebon, noe geus njeu perdjangdjan djeung pabrik.
- Lobana djeung hargaana poetjoek beunang meuli.
- Ongkos-ongkos ngagiling.
- Ongkos-ongkos ngoendjalan atawa ugiangkeun.
- Ongkos-ongkos ngadjoel.
- administratie.
- roepa-roepa padjeg
- afschrijving adegan djeung mesin- mesin.
- renten modal njeu pabrik.

Pokona 1 pond kering katitih moer- rah, lamoen beubeunanganana poe- tjoek ti kebon sorangan tjoekoel. Hartina leuwih lega kebonna noe katalian koe pabrik tea, beuki leuwih moerab bae katitihna pokona 1 pond enteh kering teh; pabrik hiroepna ngalagena.

Hidji kontrakan bisa ngabogaan pabrik sorangan kalawan oentoengna, oepama kebonna legana 300 bw. sarta beubeunangan poetjoekna dina saponde oelah koerang ti 500 pond keringeun.

Koerang bae ti sakitoe, sakoeragna tea koedoe ditambahan koe beunang meuli. Soekoer lamoen djeung moer- rah hargaana.

Oepama oerang ngadegkeun pabrik sarta poetjoekna ngandelkeun beun- ang meuli woengkoel, kaontoengna- na oelah diarep-arep teuing. Pabrik noe saroea kieu (opkoopfabriek) ba- bari bisa aja oentoengna, lamoen bisa kampoengan koe poetjoek, toer har- gana miring. Djadi ngadateungeun oentoengna teh dina waktoe harga enteh keringan sedeng, oepamana sa- pond 50 sen. Noe mareuli poetjoek moel rorontok, hargaana tangtoe moer- rah. Koemaha ari dina waktoe harga keringan mahal? Didinja mah noe mareuli poetjoek teh siskioe, babadoeg harga paloehoer-loehoer, asal meunang barang. Kaentoengana opkoop fabriek dina keur waktoe kitoe mah saeutik pisan. Soemawonna lamoen barga keringan ngadadak ragrag mah, lapoer ngan kari ngitoeung karogean. Katambah dina keur paenggoel- oenggoel harga poetjoek tea, kaajana- na poetjoek tara pati tjei dititena- uana. Koerang hade, kadjeu . . . asal meunang poetjoek Poetjoek ieu koerang hade digilingna oge tangtoe bae djadi bangsa keringan goreng. Dimana harga keur toeroen, aja ke- ringan noe goreng tea noe gantjang pisan ngaragragkeun harga tea.

Dina pamangkalan taoen 1924 meh sing serewa enteh di London pajoe. Koesabab eta pabrik-pabrik njeuuna enteh geus teu ngiugtkeun kana hadena, asal loba bae. Katjemeka- ana koe bati teu lana, da dina pa- noetoeapan taoen eta keneh harga keringan bol bol njirorot. Kontrakan noe entehna masih keneh di djaln loba noe raroegi.

Pangoeroesna hidji opkoopfabriek pohara koedoe asakna taksiran tina hal kaajaan pasar.

Koe wangwangan oge tangtoe koe oerang kataksir, jen keringan kaloean opkoop fabriek moel bisa angger hadena, da poetjoek piliran tea pohara sarosopanana. Koesabab eta opkoop fabriek di London teu bisa boga ngar- an hade saperkara; kadoeana sama- sakali teu bisa ngadjoel ti heula (voor verkoop). Padahal nja dina voorverkoop tea batina mindeng pisan poengkil teh. Katiloena moel bisa nahan barang, da ditahan-tahan oge euweuh goenana, bongon ngaranna geus asoep kana golongan goreng. Djaba ti eta koesabab kalolobaanana opkoop fabriek modalna teu kandel, kapaksa keringan teh didjoel boeroe- boeroe, moen teu kitoe meureun peunggas modal Ari barang noe ne- angan doeit tea arang-arang meunang harga hade.

Soepaja tetela pisan, jen opkoop fa- briek gede risicono djeung teu eskoemaha batina, ieu dihandap dibedjer beaskeun; noeroetkeun verslagna pa-abrik Soejadi di Tjjoeroeg.

Ieu pabrik diadegkeunana dina taoen 1912 sarta didjenn namlooe Vennootschap. Modalna f 125.000; mesin mesin tangtoe satjoekoerna. Dina 1 taoen bisa ngagiling 600.000 pond kering.

Ti bereng deg diadegkeun nepi ka taoen 1914, teu pinanggih djeung kaboengahan. Roegina nepi ka f 20.000. Koesabab eta dina taoen 1914 kapaksa njeu obligatieleening, f 15.000 djeung hypothek f 5000 sarta firma John Peet nampa persekot f 28.000.

Sabadana taoen 1914 aja oge oen- toengna tapi meh kabeh dipake

ngaberesan padjeg, njoemponan afschrijvingen, njoemponan karogean. Di djero 15 taoen ngan oekoer bisa sakali ngaloeurkeun dividend (3%)
Dina taoen 1921 roegina f 40926,20. Dina taoen 1922 batina f 19 835,91; dina taoen 1923 batina f 31, 482, 93. Karogean katoekang-toekang bisa katoetoeapan kabeh.

Dina pamangkalan taoen 1925 batina f 50.000. Harita poetjoek handap, ari harga keringan teroes nerekel. Koesabab eta modalna dina saponde keringan dina taoen 1925 katomporna- keun katitih mahal, (harga poetjoek miloe naek), barang ari harga keringan saking doemadkad tigidjret. Mangka- ing enteh noe masih di djaln rea keneh, pangadji f 40.000 eun. Keri- nganana sakitoe lobana lapoer di London ngeumbreak teu pajoe, lan- taran lain keringan maher. Satadina pangna pangoeroes pabrik wani ngirimkeun enteh pamar kitoe teh soegan djeung soegan tea.

Resultaatna "pabrik "Soejadi" di djero 10 taoen dihidjikeun dina staad di handap ieu: "

Taen	Reana poetjoek noe dibeu	Keringan	Harga 1 pond poetjoek	Ladang 1 p. kering	Oentoengna 1 p. kering	Modalna
1915	2.264.341	482.704	4,5 ct.	85,-	4,8	304
1916	2.602.733	564.088	4,03	85,74	6,7	290,4
1917	1.220.563	262.162	3,17	16,8	0,08	16,88
1918	1.028.847	2.555	2,89	19,83	3,16	16,62
1919	1.697.560	263.401	4,98	42,18	11,88	30,26
1920	471.812	102.433	3,15	28,86	6,25	22,61
1921	1.673.185	367.262	4,98	37,53	6,32	31,21
1922	2.111.544	478.958	8,79	58,47	9,08	49,89
1923	2.177.750	496.936	7,8	48,7	1,7	47,-
1925	1.771.087	405.088	6,78	42,37	1,62	40,75

Dina taoen 1920 pabrik kapaksa di- setop, da teu aja pilawangeunana pi- keun ngaloeurkeun keringan Deui ma- sing terang, harga keringan kaloearan "Soejadi" salawana leuwih handap batan kaloearan kontrakan kontrakan noe dareukeut ka dina. Padahal en- tehna mah meh saroea bae. Pangna kitoe, sabab keringan Soejadi diang- gapna "zuiver luidansch". Batina tang- toe teu sabaraha.

Tjonto noe sedjen meunang njoetat tina laporan pabrik X, ngadegna ka- kara sataoen.

Meulina poe- tjoek dina	Keringan H.E.G.	Harga poe- tjoek dina 1 pond	Modalna 1 pond kering	Ladang 1 p. kering
April 1926	11,220	14,1	71,45	78,8
Mai	33,570	14,3	72,45	75,9
Juni	18,880	16,-	80,-	79,5
Juli	53,080	13,7	69,75	71,3
Agustus	24,630	8,5	68,75	72,-
September	15,890	11,9	61,55	64,-
October	21,760	11,6	60,20	69,9
November	19,650	9,-	48,50	66,4
December	46,600	8,9	39,05	56,3
Januari 1927	57,370	8,3	45,85	46,2
Februari	46,950	8,3	45,85	44,7
Maart	20,170	9,1	48,95	46,6

Koe ieu staat beuki nembres, op- koop fabriek moedjoerna teh dimana harga poetjoek moerab, djadi dimana harga keringan ngan oekoer sedengan, lamoen aja noe boga sangkaan. Jen opkoop fabrieken noe poerab na-

ek naekkeun barga poetjoek dimana barga keringan hade, eta sangkaan teh salah. Da ari sanjana mah, noe boga kalakoean kitoe teh nja kontra- kan kontrakan keneh bae.

Dina waktoe harga keringan loe- hoer, batina "poetjoek kampoeng" teu sabaraha. Ari sababna noe matak kontrakan kontrakan, njaho njaho jen kitoe, pohara totodjroka meulian poe- tjoek kieu: saperkara hajang noeroen- keun modal keringan. kadoeana dina voorverkoop tea, neangtog.

Tadi di loehoer geus ditjaritakeun, jen opkoop fabriek gede oentoengna cimana barga keringan handap, djadi dimana noe mareulian poetjoek teu sakoemaha ramena. Koe saliwat mah asa model, ari keur harga handap atawa sedeng oentoengna teh gede, ari keur tarik, batina mah euweuh.

Tapi sanadjan kitoe, atoe ari aja mah batina, naha teu leuwih hade, lamoen oerang priboei sabiloeloengan papatoengan njeu pabrik sarta poe- tjoek meulian ti kebon kebon tea?

Noe baroga timbangan kitoe me- ngang teu salah, ngan bae noeroetkeun tjonto noe geus kadjalanan, karep noe sakitoe hadena teh kakara oge djadi, gantjang "dipergek" koe kon- trakan. Ari pangna uandasa, koe watek hawek tea bae, bisi kasarö poetjoek koe pabrik anjar toer katjida gampangna piakaluanana. Koe dihan- tem harga poetjoek diabrik abrik, pa-abrik noe kakara ngadog tea, lautaran modalna teu sakoemaha, gantjang bae ngalahleh. Koe peta tea mah teu meun- ang henteu kitoeana teh. Op koop fabriek teu bisa paloehoer loehoer harga djeung kontrakan, malah oelah pisan meulian poetjoek mahal teh, sa- bab moel aja batina. Atawa lamoen harga poetjoek tetep dr loehoer, ari harga keringan mimiti toeroen, gau- tjang bae pabrikna setop.

Teu kitoe koedoe daek nampa poe- tjoek koerang hade. Tapi ieu teh "mat- tak nahla, sabab lamoen harga enteh toeroen, keringan noe goreng teu pajoe.

Di Nagrak kira kira 3 taoen katoe- kang aja pakompoealan oerang pri- boemi "Oesaga priboei" maksada nangkoelak poetjoek, djoealeun ka kon- trakan noe hargaana pang mahalna.

Kakara oge 6 boelan toeroenna ka dinja eta pakompoealan teh geus di- tjekek koe kontrakan "Sinagar", noe modalna tangtoe pisan leuwih gede.

Demi diadegkeunana eta pakompoe- poelan, waktoe di Priangan koelon kontrakan kontrakan njeu trust, na- rekahan soepaja "poetjoek kampoeng" oelah ka loehoer hargaana. Atoeh poe- tjoek pakompoealan teh koe kontra- kan kontrakan dibaikot maloele, sar- ta toeloej kapaksa ngagiles koe sora- ngan, tapi modalna (kost prij-) tang- toe loehcer, sabab harga poetjoekna paloehoer loehoer djeung kontrakan. Katoeroeg toeroeg loba elid noe teu satia ka pakompoealanana, soesceleom- poetan ngadjoel poetjoek ka kontra- kan, bongon hargaana kontrakan leu- wih loehoer batan hargaana pakompoe- poelan sorangan.

Keringan kaloearan pakompoealan di pasar euweuh noe narik noe na- kon, nja lamoen pajoe onaman ineu- reuun pakompoealan teh moel nepi ka dirjeang kerepes.

Djaln No. 2 nja eta: pabrik teu boga kebon sorangan, tapi djeung noe barga kebon njeu perdjangdjan, jen poetjoekna moel dipilirkeun ka noe lian sarta baris nampa bati noe- moetkeun reaua poetjoek noe geus dipilirkeun.

Saenjana koe ieu atoerang modalna keringan djadi katitih lenwih mahal, da katambahan koe bati bagian uoe harga kebon. Demi kebon kebon noe ngahidji djeung pabrik tea aja moel saroea hadena teh, poetjoekna tang- toe teu rata, keringanana djadjae- heun kana hade. Tapi teu moestahii keringan kaloearan pabrik priboei saroea pisan djeung kaloearan kontra- kan. Sanadjan saroea maherna, ari hargaana mah geus teu sak deui leu- wih moerab ti batan barga keringan kontrakan tea. bongon aja kasetoetna "poetjoek kampoeng,

Samalah oepama di peuntas harga keringan toeroen, gantjang pisan disa- labkeun, di teumbulkeunana ka "poetjoek kampoeng" teh. Pangna barga keringan toeroen teh, eta tjeuab ioba teuing ditjamperanana poetjoek kampoeng. Padahal teu euweuheun kebon di lemboer lemboer noe leuwih hade batan kebon kontrakan. Ari saenja enjana mah lain kasalahanana poetjoek kampoeng kampoeng teuing, eta dimana keringan laris, pabrik pabrik ngagilingna koerang ati ati

saperkara, kadneana koe keringan noe tajn bisa kadjoel di goedang goe dang di London djeung Amsterdam iarga enteh bisa ngarentet (meer aanbod dan vraag).

Koe tjaritan di loehoer meureun kaintip, jen harga enteh mah lain noeroetkeun koemaha barangna, tapi noeroetkeun ngaranna pabrik.

Dina waktoe harga keringan mahal dina taoen '23 djeung '24, rata ratana barga keringan "Soejadi" di Batawi dina saponde 58 sen ('23) djeung 47 sen ('24). Ari rata ratana barga keringan pikeun sa Poelo Djawa di Amsterdam 88,5 sen ('23) djeung 89,75 ('24). Oepama harga Soejadi tea ditioeng kana harga Amsterdam, ka titihna 70 sen djeung 59 sen, djadi masih keneh tangeheun kana uja- roeraan harga P. Djawa teh.

Aja bisababeunana kebon kebon di sakoerilingna patrik Soejadi euweuh noe hade. Entehna bangsa teh Djawa atawa baster. Tapi kapan kebon ke; bon kontrakan noe noe deukeut ka dinja oge entehna nja kitoe bae. Sanadjan kieu tea, kitoe tea, tetep hargaana pabrik Soejadi di handap.

Pabrik X tea ngagilingna poetjoek, poetjoek Asem, meulianana ti djaoehna, malah pal palan. Rata rata harga keringanana 63,8 sen dina saponde. Ari harga keringan kontrakan auoe deukeut ka dinja ± 72,3 sen.

Ningal djaln djaln diloehoer, pikeun noe baroga kebon enteh tangtoe pisan leuwih hade njeuana perdjang- dian teh djeung kontrakan gede, noe geus mang taoen taoen ajana toer hade ngaranna. tiumbang djeung pabrik priboei.

Djaln ka 3. Patrik didjaln- keunana koe noe baroga kebon pribadi. Kebonna kira kira koedoe 300 baec, beubeunanganana djero 1 taoen 130.000 pond keringan. Lamoen saktie djalanna pabrik moel roemanggiung. Oepama koerang ti sakitoe, modalna keringan katitih mahal djeung dina saroea roepana keringan moel loba' moel bisa didjoel di pasar torodjogan. Kapaksa didjoel diketjer ka tang- koelak; hargaana meureun moerab. Bedana djeung harga pasar lain loe- majan. aja 10. 20 senna.

Ajeuna oerang oepamakeun kisu: hidji pabrik kebonna 100 baec, beubeu- nanganana keringan dina sataoen 50.000 pond atawa, dina 1 boelan ± 4000 pand.

Dina keringan noe 4000 pond tea oerang oepamakeun aja saktie war- nana:

- 12 % O. P. (orange pecco)
- 20 " B. O. P. (broken orange pecco)
- 11 " P. (pecco)
- 9 " P. S. (pecco souchon)
- 5 " B. S. (broken souchon)
- 17 " B. P. (Broken pecco)
- 8 " B. T. (broken tea)
- 6 " P. F. (Fennings)
- 2 " Dust
- 10 " Boly

Lamoen hajang boga 6 peti (1 peti 90 H. K. G.) oerang koedoe noenggoe koerang leuwih 6 boelan. Nja kitoe deui aja boelanana, oepama hajang boga 6 peti: B. T., P. S., B. S. djeung P. F. Ngan O. P. djeung B. O. P. dina saboelan oge geus aja goendoekna: koerang leuwih 6 peti djeung 10 peti.

Lamoen beubeunanganana sakali kalina ngagiling ngan saeutik, ongkos ngapak tangtoe katitih mahal saperkara, kadoeana lautaran aja djamanana, keringanana samemeh pajoe kaberoe hapeuk manten, hargaana moel bisa meunang harga hade.

Samb-engeun.

Pangeling-ngeling ka Inl.

B. B. Ambtenaar.

Samboengan Sip. No. '21

Koe sabab eta, Hoofdredacteur Locomotief Jina persconferentie geus ngaloeurkeun pertanjaan kieu: uon sababna uoe matak ditolak, padahal B. B. Walanda djeung Priboei geus mere advies geun bezwaar.

Djawab G. G.: "Sabab ngarogekkeun ka oerang Priboei, kawoewoeh eta pabrik lain sig. belang . . . (lain kaperluan oerana reay"

Timbangan Toean Skokvis dina Ind. Volk, tina hal ieu Inl. B. B. koedoe njeuun toeladan anoe pohara penting- na, nja eta tina djawaban G. G. di loehoer, Inl. B. B. teh koedoe leuwih njaho ti heula, tina perkara anoe djadi kabauratan kabauratan oerang Priboei, oelah ngarag gampang

PANEMBRONG

Saha itoe???
Horeng geuning bangsa koering!

KINANTI

Saha itoe noe digoenggoeng, disembah diposti-poesti, dihormat didama-dama, njakra wati ngereh nagri, ngabawah p. parentahan, horeng geuning bangsa koering.

Saha itoe tingdarekoel, marajonan medja toelis, garinding garandang pisan, menak s ntana prijadi, noe repot koe padamelan, horeng geuning bangsa koering.

Saha itoe keur ngawocroek, baroednk beres ngabaris, roepa-roepa pangadjaran, dioelik diboclak-balik, matak wegab matak seunggal, horeng geuning bangsa koering.

Saha itoe angkariboeng, bangoen ridoe ridoe teuing, padagang moroan pasar, balantik ngadoekeun milik, diiringkeun koe tanggoengan, horeng geuning bangsa koering.

Saha itoe anoe nanggoeng, bangoen beurat-beurat teuing, gede poepoedakanana, djibroeg kesang kawas mandi, sakadar njiar boeroehan, horeng geuning bangsa koering.

Saha itoe anoe matjoel, panas poe mentrang mentring, awakna pinoh koe leutak, semoe tjape-tjape teuing, djoeroe tani leuleutikan, horeng geuning bangsa koering.

Saha itoe anoe ngabroel, aweue reudjeung lulaki, ngelek samak djeung boentelan, bedjana arek ka Deli, dikirimkeun ka kontrakan, horeng geuning bangsa koering.

Saha itoe noe dihoekoem, ngaronjok di dero boei, pamajar kana dosana, tapi ngadatangeun hasil, mekprek batoe nganjam samak, horeng geuning bangsa koering.

Saha itoe noe ka Digoel, bedjana kaoca kominis, djaradi djalma boengan, tapi keur nagri mah basil, da leuweung djadi nagara, horeng geuning bangsa koering.

(Guning???)

Inget ka pamojok batoer, madjar maneh bangsa koering, teu aja bargana pisan, tapi moen pandjang dipikir, istoening noe pamohalan, djalma hiroep teu djeung harti.

Noe opat poeloeh maluen, kakoeatan bangsa koering, pirakoe taja hurtina, oelah bou anoe berboedi, dalah noe gorengna pisan, henteu boeroeng mawa hasil.

Anoe deneng anoe loehoer, anoe tani anoe koeli, anoe dagang patoekangan, kabeh oge mawa harti, hiroep koembou teu pertjoemah, horeng geuning bangsa koering.

S.

B

tonggong tatali hoeripna, engke di abir seuweu poetoena, bocjoet buona, noe geus meunang boedi pangarti loehoer toer teu kabagian tempat di kdj. Gouvernement, ana baralik ka lemah taina, ka imah balena, tjk bade dikoeumabakeun pangarti pangabisana teh? noendjoek ka Goencong hasilna geus soewoeng dipoengoet batoer, reret ka Pasir teu nepi geus koe batoer kapimilik, ana ngagarap tamulna koredas geus beuk barang tambangna. Koe noemoetkeun tjita tjita sareng alasan noe dioendjoek di loehoer, kelawan namina Rajat ti tiloe Desa nja eta Tidjoelang, Batoekaras, Margatjinta, abdi njoehoerkeun moegi koe gamparan dioendjoek ka Panggoeng, hal panedana eta Maatschappij, menta meuli reudjeung ngala barang tambangna di ieu tiloe desa noe disehat bieu, koe Rujat moel kahatoerkeun, doepi alamanana sakoemaha noe kasebat di loehoer.

Kalajan asmana Rajat tiloe Desa
Proewitrisna
Lid R. Raad Tidjoelang.

Congres basa Soenda noe ka doea

Sawala.

Djoer. Moeklis sanes sawala nanging ngawoewoh kateangan noe parantos disoboetkeun koe Djoer. Prawiradinata. Andjeunna teu kinten ngaraos pandoedjoena, rempagna kana penoehoen soepados pangadjaran basa Soenda di sakola Mulo di salebet provincie Pasoendan diwadjabkeun ka sadaja moerid bangsa Soenda.

Emoetan andjeunna estoe teu aja noe djadi panghalang kana kamadjeungan oerang Soenda. Ladjeung andjeunna ngadamel dosa patarosan nja eta:

I. Ka mana moerid-moerid Soenda noe parantos kening diploma Mulo, diladjeungeunana deui sakolana.

II. Naha tiasa oge moerid-moerid Soenda djadi madjeung, djadi Dr. Mr. Hakim djadi Ir., oepami di sakola Mulona moeng diadjar basa Soenda bue?

Samemeh Djoer. Moeklis ngadjawab ngadongeng heula pangadjaran basa noe teu diwadjabkeun di Mulo, nja eta b. Prasman Malajoe sareng b. Soenda. Seueur pisan moerid Mulo noe teu terungeun, samaroekna noe bade lebet A. M. S. Bandoeng, dike dahkeun diadjar heula basa Parisman, di Mulona.

Moerid Mulo noe palalinter saporantosna kening diploma, kening lebet ka sakola doktor Nias di Soerabaja, doktor hewan sareng landbouw di Bogor. Kadaster school sareng A. M. S. Bd., A. M. S. di Solo sareng A. M. S. Djogja.

Noe ditampi ka A. M. S. Bandoeng njaeta noe gadoekeun punten b. Walanda sareng Inggris dina diplomana 6.6. engkena di sakolana diadjar basa Prasman. Moen di sakola A. M. S. Bd. bae noe moerid-moeridna diwadjabkeun kedah diadjar basa Parisman, ari di sakola noe senes-senesna deui mah henteu.

Ari pimoerid A. M. S. Djogja (Batawi) noe gadoeh punten 6.6 tina Pangadjaran Wisnuude sareng Natuurkunde.

Djawab patarosan ka II kieu. Katean bae moerid noe hajung djadi Doktor atanapi Mr. Hakim tea kedah lebet heula ka A. M. S. di Bd. anoe hajung djadi Ir. langkoeng sae lebet ka A. M. S. Djogja (Batawi) Tah geuning sanadjan di Mulona moeng ngagoegoeloeng b Soenda bae oge, ari aja dasar ti doena, pinter mah, tiasa sakitoe madjeungna.

Moel-baa, para nonoman Soenda noe palinter, noe di Mulona diadjar basa Soenda, bakal langkoeng mikarepna, moepoestina kana basana, kana kasoestranna sareng kubinangkitanana.

Samboengeun.

KABAR

(Tina s. k. sanes).

Robins Browne neundeun advertentie dina soerat-soerat kabar di Batawi gedena sakatja, menta djelema noe daraek indit ka Afrika kidoel pikeun melak boeboehan. Ajeuna kanjahohan eta djelema rek nipoe sarta koe Pamarentah Hindia eta djelema diina njingkah ti Hindia. Robins Browne ajeuna geus indit.

Raad van Justitie di Batawi ngabedjaan ka sakabeh djelema kahade bisi beunang dibobodo koe eta djelema.

Van den Berg oeroet boekhouder di Pamanockan djeung Tjiasemlanden ditangkep. lantaran ngagelapkeun deoit f 7500.

Oeroet Wadana Tandjoengsari (Soemedang) ditangkep lantaran ngagelapkeun deoit djeung ngadalankeun sakawenang-wenang keur djadi Wadana.

Djalan di Balai Selasa (Soematra koelon) kabandjaran, rea sasak noe palid.

Djelema noe maot titeuleum aja doea Sasak beusi deukeut Indra-poera oge palid.

Kabupaten Patjitan djeung Magetan ontvoogd.

Anak toean Da Costa opzichter Havenwerken di Soerabaja keuna koe panjakit pest sarta maot.

Kapala Kerk di Katwijk (Nederland) minggat mawa deoit f 20.000. Ajeuna katangkep di Rotterdam.

Wet maksa soepaja sakabeh djelema ditjantaran pikeun tiloe taloen minangka pertjobaan moel didjalankeun, lantaran djelema noe ditjantaran sok mindeng keuna koe kasakit encephalitis.

Di Amerika aja angin gede (topan) Rea imah noe raroeksak di Washington.

Hidji Maskape Amerika geus njeun kontrak djeung Pamarentah Toerki pikeun njeun pabrik karet api, pangadji 2 1/4 malioen Dollar.

Balad Tiongkok beulah kaler ajeuna oenggoe peragna djeung balad beulah kidoel.

Siang Kai Sek? oeroet Djenderal nasionalisten ajeuna miloe deui kana pergerakan di Tiongkok djadi lid Bestuur pergerakan Nationalisten. (Kaumintang).

Di Poerwokerto aja hidji Tionghwa Lie Tiang Kwat keuna koe panjakit pest bajah (longenpest). Nepi ka maotna.

Di Batawi aja hidji Walanda ngaranna Goossens keuna koe panjakit Cholera. Geus aja 15.000 di Batawi noe disoentik pikeun nolak cholera.

Soeltan Marokko Moelay Joussef poepoes sarta diganti koe poetra Soeltan noe nomer tiloe Sidi Amada.

Hidji professor Djepang njeboetkeun bisa ngoebaran kasakit kanker. Bacil kanker ditepakeun ka koeda, sarta getih koeda tea dipake noentik djelema noe boga kasakit kanker. Bedjana koe ieu oebar aja djelema noe tjageur.

Mutatie.

Mr. Dr. Raden Koesoema Atmadja Voorzitter Landraad di Indramajoe dibenoem djadi lid loear biasa Raad van Justitie di Padang.

R. Mahdar Tjamat di Priangan tengah benoem Wadara Tjubilioeng Banten.

Dialihkeun ti Tjimalaka ka Lembang Wadana R. Somawirja; R. Rg. Hardjadibrata ti Tjililin ka Tjimalaka, ti Tjikalong wetan ka Tjililin Rd. Ardiwidjaja; ti Tasikmalaja ka Tji kalong Wetan R. Kd. Wangsanagara.

Preanger Chemicalien Handel

Telefoon No. 76.

Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainnja, Minneman, Serotoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Buncilla, dan pekakas potret.

TOKO

Universul Agentschap NIC MULLER

Goenoenglaoe 15 Telepon No. 26. TASIKMALAJA.

Nembe nampi Verbandtrommel (tempat oear kaperloean sadihinton).

Perloe keur sadaja djelema noe tobih ti doktor.

Katjida perloea keur sadiaan di bale desa soepaja sadaja djelema bisa dioeraran oepama potong, raheut, ragrag, barareuh, njeri beuteung, njeri panon katjida atawa dipatjok oraj.

Dina ieu verbandtrommel sadia sagala roepa oear kaperloean saporoe.

Tjubi soemping ka Toko atanapi njeratan engke diterangeun sagala roepina eta verbandtrommel.

Noe ngadjeng-ngadjeng

NIC MULLER.

N. B. Di toko kening moendoet pijeon rant teu kedah majar.

Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENC).

Tasikmalaja telefoon No. 2.

Sajagi Karet Mesin Simplex sareng sanes-saneu Merk Europa, hand-band Auto Merk Goodrich, Michelin, Good-year, Dunlop, sakalian sareng parobot pikeun Auto (Nederdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoe) sa-perti Beureun, hedjo, bino, koeung kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepnier.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoe-watanana, dina waktos ajeuna keur rame pisan anoe ngaranga bedil angin (windbuis) pikeun plesiran, nja eta keur blajar nembak atawa keur manok, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana pipi-araan, heulang, kalong, sareng sadjabi ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tangtos tiasa kening koe B. S. A. tea.

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajakikeun njondong 2 roepi anoe kaliber 5 1/2 sareng 4 1/2 nja eta merk B. S. A. anoe masjoer kaktianana sareng saona, pelorna sajadi tjokoep, sadjabi u eta, sajadi roepi roepi Estarvies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Westminster, erloji anoe sa-rae, peso silet peso tjokoer goenting mesin anoe parante masjoer kase-anana, njonlong roepi roepi oekoer filter (saringan tja) pikeun ngadjadi kawarasan, atawa kaselatan.

STOP,!!!

Maungga linggih heula ka toko abdi ROEKANTA di Lengkok Tasikmalaja jakt s toko alit, da modalna aat, maungga pangaos maungga bandingkeun sareng toko gede.

Sajagi kaperloean toeanggeun sadihinton, panganggo sareng landong-landong patent oge sajadi.

Nembe medal:

Goegoeritan pangadjaran ngadanding f 0.07
Lulepatan poetra, dosana iboe f 0.50
rama I f 0.30
Rusiah koesir II f 0.45
Neng Hajani f 0.50
Nampi padamelan tjitakan boeko-boekoe.

Toko en Drukkerij "PASOENDAN" Tasikmalaja.

NGANOEHOEENKEUN.

Hatoer sewoe ncehoen, kalajan pirang-pirang kabingalan kana pitandagna Drg. EBOD Gedipl. Vroedvrouw linggih di djalan Palodang Bandoeng, rehing andjeunna parantos mintonkeun kanjahna sareng katjintaanana, ngaraksa ka poeu bodjo dina waktosna sareng saporantosna ngadoeroe, dina wengi Rebo piug 8 November 1927, dipoelasara doegi ka 7 dinten lamina. Indoeugna sareng orokua waloeja teu aja sakara-kara.

Gatot Soetadipradja.

Gang Parendeng No. 102 Bandoeng.

Boekoe-boekoe basa Melajoe.

BAROE TERBIT.

Boekoe Padoman sannemer Prijat B. O. W. dan Irrigatie. Isinja 1. Atoeran dan ongkos-ongkosnja pekerdjaan mengali tanah. 2. Atoeran hal pebal roempoet dan pager. 3. Hal bikin dan mo-miara djalan djalan. 4. Hal mengeroes pekerdjaan dari bambos atau lain lain pesawat di Hindia. 5. Hal mengeroes pekerdjaan toembokan dan tiang besi (fondamet djembatan atap, gawang pintoe, djendela, loteng, amparan dinding, tjitakan kajoe, dan tangga dari matjam-matjam pekerdjaan. 6. Mengeroes pekerdjaan dari batoe (toembokan batoe dan pengatoeran memasang batoe, hal mengoosnakan loeloeh, batoe, beton, plesteran, laboeran lautij d. l. l.). 7. Hal atap. 8. Pekerdjaan dari besi. 9. Roepa-roepa. Harga f 1.— franco di post f 1.15.

Boekoe Ilmoe firsat, bergoena sekali kepada toean-toean jang maoe taoe roepa-roepa koempoelan ilmoe ghaib, saperti firsatnja segala djenis maroesia dan perempoan, hal mengitoeing baik boeroeknja hari boeat merikah, alamatnja mimpi, kedoetan, petangan nasibnja sesoeatoe orang, ilmoe mengolah rasa antara lelaki sama perempoan ilmoe mentjari nama anak, alamatnja anak baji dan lain-lain lagi jang doelo-doelo ilmoe ini dipegang resiah oleh orang toea-toea, teroetama pendahoieoanuja menerangkan roepa-roepa ilmoe tharekat dan hakikat Islam sadjati dengan tiada menjalahkan hoekoem sjara. Soeuggeh besar sekali goenanja. Harga 1 boekoe f 1.50 franco di post f 1.65.

Boekoe katrangan Islam sadjati (bahasa Melajoe). Isinja Sadjarah jang moela-moela orang membawa agama Islam ke Indone-sia. 2. Jang sadjatinja Islam itoe. 3. Artinja perkataan agama. 4. Hal kedjadiannya alam doenia dan moesia. 5. Hal maoesia dengaz roepa-roepa roh kekoeatannya, baik roh pengrasa roh angen augeu (tjiltaan), roh akal, roh fikiran dan lain lain. 6. Hoekoemuja badan djasmani. 7. Boenji ringkesan sadjarah Tjire-bon koeno. Harga f 0.50 franco di post f 0.60 rembours tambah f 0.50.

Wawatjan Mir'adji K. Nabi Mochamad s. a. w. merk H. B. K. Eusina: A s m a r a n d a n a: njaritakeun basa kangdjoeng Rasoe-loellah s. a. w. di sampur koe Malaikat Djibrail, diadjak mi-radji ti Hidji Rismail (Masdjidil haram) ka Batoel Moekedas basa tanggal 27 Radjab, malem Senen. K i n a n t i; njaritakeun roepa-roepa pamendak di djalan antara Batoellah djeung Batoel Moekedas. pang eureunan di Jessa Tsibah (Madinah), tjarta desa Madijan. Pang eureunan di poentjak goenoeng Toersinah. Pang eureunan di Sjam; Djin Ipri ngoedag-ngoedag mawa seuneu. Siuom; Njaritakeun lakoe-lampah noe diboeat patena teu beak-beak, oenggal di etem tjokoel deui, djeung lalampahan Nji Masitoh di koeloeb koe Kadja Pir Aon. Sareng saterasna doengkap ka moelilna K. Nabi ti langit ka 7 ka alam doenja, harga franco di post f 0.80.

Boekerij H. R. B. Kartadiredja-Bandoeng. (Tjibadakweg 5).